

# EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL II

**Madi**, 18 Jen 2024 — 1:15 p.m. jiska 4:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II ak III.

**Pati I** an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** a gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen de (2) dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

**Pati III** a genyen yon (1) kesyon redaksyon ki baze sou senk dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**


## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon* (1–28): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Baze repons ou pou kesyon 1 rive 2 yo sou imaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Revolisyon Agrikòl



Sous: Philip Dorf, *World History*, Oxford Book Company, 1958 (adapte)

1 Imaj sa a ka pi byen itilize pou

- (1) dekri faktè ki te anpeche endistriyalizasyon Britanik
- (2) ilistre avansman yo nan agrikilti
- (3) eksplike bès Mouvman Pou Ansèkle yo
- (4) dekri lavi chak jou travayè nan vil yo Britanik yo

2 Ki afimasyon imaj sa a sipòte pi byen?

- (1) Nouvo teknoloji yo redwi enpak agrikilti sou anviwònman an.
- (2) Inovasyon nan agrikilti kontribiye nan bès popilasyon an.
- (3) Amelyorasyon ekipman yo te diminye kantite travay imen kiltivatè yo.
- (4) Chanjman nan agrikilti te anpeche kwasans fèm yo sou gwo nivo.

Baze repons ou pou kesyon 3 rive 4 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Yo souvan wè Kesyon sèf la kòm tès desizif senserite Catherine; epi echèk li pou rezoud li konsidere tankou prèv mank senserite. Men, Catherine te konvenki, pou rezon imanité ak pratik, dezi emansipasyon, oswa omwen yon règleman eta a sou relasyon ki genyen ant nòb ak sèf.

Li te fè tandè kwayans li epi souvan, an piblik ak an prive. Li te deklare san pwoblèm ke 'sof si nou dakò soulaje mechanste yo ak bese [diminye] yon kondisyon entolerab pou moun, yo menm yo pral pran bagay yo nan men, kit nou renmen oswa pa renmen sa'.

Pa kont, lè sa te gen pou wè ak reyalize dezi li, Catherine te fè fas ak refi prèske inanmi noblès la. Yo, ki te fin akèri gwo otorite sou sèf yo nan men predesesè li yo, te detèmine fè plis egzijans [fòse] toujou nan men Catherine li menm epi yo te gen ti pasyans ak lide liberal li yo. . . .

. . . Falèz ant nòb ak sèf te vin twò gran pou Catherine ta bouche. Fas a yon enpas konsa, li pa t ka fè anyen. Pou byen reyalize pwogram nan, avèk nenpòt chans pou reyisi, li ta dwe itilize metòd fòse Pyè Legran (Peter the Great), yon opsyon li pa t gen ni anvini pouvwwa pou pran l. Kwense nan yon pwosesis istorik li pa t responsab e ke l pa t kapab kontwole, Catherine te oblije sede kont jijman prive li.

Pa konsekan paradòks [kontradiksyon] la, ke chèf Ris ki pi eklere nan syèk la, kondisyon sèf yo te sibi yon deteryorasyon tèlman make ak rapid. Noblès la te mande yon peman pou sipò anvè Catherine; epi Catherine te gen pou peye sou kont sèf la. . . .

Sous: A. Lentin, "Catherine the Great and Enlightened Despotism,"  
*History Today*, March 1971

3 Dapre pasaj sa a, ki pwoblèm yo te debat men ki pa te chanje pandan rèy Catherine the Great?

- (1) aboli tit nòb yo
- (2) emansipe sèf yo
- (3) kenbe lajan moun ki fè pati noblès la
- (4) ogmante otorite moun yo ki alatèt wayom nan

4 Ki afimasyon pasaj sa a sipòte pi byen?

- (1) Chanjman politik ak sosyal yo ka difisil pou yo reyalize.
- (2) Monak yo gouvène ak otorite moun pa ka konteste.
- (3) Moun ki fè pati noblès la raman gen yon enpak sou desizyon yo nan wayom nan.
- (4) Inegalite pa t yon preyokipasyon pou monak yo.

Baze repons ou pou kesyon 5 rive 6 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Kominis yo rayi kache pwennvi ak objektif yo. Yo deklare awotvwa ke yo ka atenn objektif yo sèlman atravè ranvèsman fòse tout kondisyon sosyal ki egziste yo. Se pou klas dirijan yo tranble devan yon revolisyon kominis. Travayè yo pa gen anyen pou yo pèdi apa chèn yo. Yo gen yon mond pou yo konkeri. . . .

Sous: Karl Marx and Friedrich Engels, *Manifesto of the Communist Party*, 1848

- |                                                       |   |                                                     |
|-------------------------------------------------------|---|-----------------------------------------------------|
| 5 Kisa kondisyon yo ki te enspire ekri pasaj sa a ye? | : | 6 Ki lidè ki te dakò ak filozofi ki nan pasaj sa a? |
| (1) inegalite ekonomik nan vil endistriyèl yo         | : | (1) Fidel Castro                                    |
| (2) refòm gouvènman an pou pwoteje dwa travayè yo     | : | (2) Augusto Pinochet                                |
| (3) ogmante nan kantite sendika ki pisan              | : | (3) Jiang Jieshi [Chiang Kai-shek]                  |
| (4) bès popilasyon iben yo                            | : | (4) Maximilien Robespierre                          |
- 

Baze repons ou pou kesyon 7 rive 8 yo sou deklarasyon anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Fwontyè Pris yo dapre Trete Vyèn yo [nan 1814–15] yo pa favorab pou yon eta an sante, vital; se pa diskou ak rezolisyon majorite yo ki deside gwo kesyon epòk la – se te gwo erè 1848 ak 1849 la – men avèk fè ak san. . . .

Sous: Speech by Otto von Bismarck, 1862

- |                                               |   |                                                                 |
|-----------------------------------------------|---|-----------------------------------------------------------------|
| 7 Deklarasyon an gen plis rapò ak ki evènman? | : | 8 Opinyon ki ekspri nan deklarasyon sa a te sibi plis enfliyans |
| (1) Revolisyon Endistriyèl                    | : | (1) objektif fachis                                             |
| (2) Inifikasyon Alman                         | : | (2) pwoblèm konfinman                                           |
| (3) Konferans Bèlen                           | : | (3) santiman nasyonalis                                         |
| (4) Holodomor Ikrenyen                        | : | (4) politik rekonsilyasyon                                      |
-

Baze repons ou pou kesyon 9 ak 10 sou dokiman ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Ekstrè nan Konstitisyon Meiji 1889

**ATIK II.** Desandan gason Enperyal yo pral siksede nan twòn enperyal la dapre dispozisyon ki Lwa Mezon Enperyal la.

**ATIK VI.** Anperè a sanksyone lwa ak òdonans yo pou yo pwomilge [devlope] ak egzekite yo.

**ATIK XI.** Anperè a gen kòmman siprèm Lame ak Maren.

**ATIK XIII.** Anperè a deklare lagè, fè lapè epi konkli trete.

**ATIK XV.** Anperè a bay tit noblès, grad, lòd ak lòt mak onè.

**ATIK XVIII.** Se lalwa k ap detèmine kondisyon ki nesesè pou yon moun se yon sijè Japonè.

**ATIK XXIV.** Pa gen okenn sijè Japonè y ap anpeche jwi dwa li pou l gen jij yo detèmine pa lalwa ki jije l.

**ATIK XXVIII.** Sijè Japonè yo ap, nan limit ki pa deranje lapè ak lòd, epi ki pa kontrè ak devwa yo kòm sijè, jwi libète kwayans relijye.

**ATIK XXIX.** Sijè Japonè yo jwi, nan limit lalwa, libète lapawòl, ekri, piblikasyon, reyinyon piblik ak asosyasyon.

Sous: Meiji Constitution of 1889, Asia for Educators, Columbia University online

9 Ki deklarasyon sou Japon dokiman sa a sipòte pi byen?

- (1) Pèp Japonè te jwi gwo libète pandan ke pouvwa Anperè a te byen limite.
- (2) Pèp Japonè yo te kapab retire Anperè a sou pouvwa si dwa yo pa te pwoteje.
- (3) Anperè Japon an te oblije chèche konsèy nan men pèp la anvan yo te deklare lagè.
- (4) Dwa pèp Japonè yo te pwoteje anba lalwa men Anperè a te gen otorite siprèm.

10 Ki objektif Japon nan 19yèm syèk la ki te plis enfliyanse redaksyon dokiman sa a?

- (1) elaji rezo komès li yo pa mwayen maritim soti nan Azi rive nan Emisfè Lwès la
- (2) koresponn ak avansman teknolojik ak endistriyel nasyon Lwès yo
- (3) jwenn rekonesans atravè lemond pou gwo anpi li a
- (4) diminye lyen kiltirèl ak ekonomik li yo nan tout Lazi

Baze repons ou pou kesyon 11 rive 12 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**XIII**

. . . Yon eta endepandan Polonè ta dwe bati ki ta dwe gen ladan teritwa popilasyon ki toutafè Polonè, ki ta dwe asire yon aksè gratis ak an sekirite nan lanmè a, epi kote endepandans politik ak ekonomik ak entegrite teritoryal yo ta dwe garanti pa nwayen yon alyans entènasyonal [akò].

**XIV**

Yon asosyasyon jeneral nasyon dwe fòme dapre alyans presi nan bi pou bay garanti mityèl endepandans politik ak entegrite teritoryal pou gwo ak ti eta yo. . . .

Sous: President Woodrow Wilson's Fourteen Points, 1918

- |                                                          |                                                                             |
|----------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------|
| 11 Ki konsèp enfòmasyon nan Atik XIII la sipòte pi byen? | 12 Ki òganizasyon ki te fòme an repons a enkyetid yo abòde nan Atik XIV la? |
| (1) tolerans relijye                                     | (1) Inyon Ewopeyen (EU)                                                     |
| (2) kontra Sosyal                                        | (2) Lig Nasyon yo                                                           |
| (3) detèminasyon pèsone                                  | (3) Pak Vasovi                                                              |
| (4) rekonsilyasyon                                       | (4) Òganizasyon Mondyal Komès (WTO)                                         |

Baze repons ou pou kesyon 13 rive 14 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Sitwayen mwen yo,

Nou te akonpli anpil ak gwo travay nan yon ti bout tan. Pi gwo nan bagay sa yo se Repiblik Tik la, kote baz la se ewoyis Tik ak gwo kilti Tik. Nou dwe siksè sa a ak pwogrè koperatif nasyon Tik la ak lame presye li a. Sepandan nou pa janm ka konsidere sa nou te reyalize a ase, paske nou dwe, epi nou detèmine pou nou akonpli menm plis ak pi gwo travay toujou. Nou pral leve peyi nou an nan yon nivo ki pi pwospè ak nasyon sivilize nan mond lan. Nou pral bay nasyon nou an mwayen ak sous byennèt ki pi laj. Nou pral leve kilti nasyonal nou an pi wo pase nivo sivilizasyon kontanporen an. . . .

Sous: Speech by Mustafa Kemal Atatürk, 1933

- |                                                                           |                                                         |
|---------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------|
| 13 Ki afimasyon yo fè nan pasaj sa a?                                     | 14 Ki konsèp ki gen plis rapò ak ide ki nan pasaj sa a? |
| (1) Lwa Islamik se fondasyon sosyete Tik la.                              | (1) oksidantalizasyon                                   |
| (2) Nasyon Tik la dwe rete izole pou l siviv.                             | (2) teyokrasi                                           |
| (3) Latiki gen potansyèl pou l vin yon lidè mondyal.                      | (3) sosyalis                                            |
| (4) Yon politik enperyalis se yon bagay ki esansyèl si Latiki vle grandi. | (4) dezakò                                              |

Baze repons ou pou kesyon 15 rive 16 yo sou pasaj anba a ak konesans ou nan syans sosyal.

Li te danjere pou parèt nan mitan foul la akòz maladi oswa nenpòt lòt rezon. Yon fwa gad yo te konnen yon prizonye, li te yon sib pou abi oswa tretman "espesyal". Nan rete envizib, lè w pa plis pase nimewo ki gen tatou sou avan-bra w la, ou gen yon chans viv plis tan.

Disparèt nan foul la te ede Helen rete vivan pandan de mwa li te nan Auschwitz. Pandan moman sa a, li te siviv twa lòt seleksyon Doktè Mengele. An final, li te youn nan 300 fanm ak adolesan yo te chwazi pou ale nan yon lòt kazèn. Helen te pran sa kòm yon siy espwa, paske moun yo te chwazi pou chanm gaz la pa t janm konte. Rimè te geyen yon ti tan apre pou di yo ta pral transfere fanm yo nan kan travay.

Sous: Ayer et al., *Parallel Journeys*, Aladdin Paperbacks, 2000

- |                                                                |  |                                                                          |
|----------------------------------------------------------------|--|--------------------------------------------------------------------------|
| 15 Vyolasyon dwa moun yo ki diskite nan pasaj la te fèt pandan |  | 16 Ki aksyon yo te pran an repons a atwosite yo ki dekri nan pasaj sa a? |
| (1) Olokòs                                                     |  | (1) piblikasyon deklarasyon Potsdam lan                                  |
| (2) Jenosid nan Ameni                                          |  | (2) kreyasyon politik konfinman                                          |
| (3) Jenosid nan peyi Wanda                                     |  | (3) reyalizasyon pwochè kriminel nan Nuremberg                           |
| (4) Masak nan Amritsar                                         |  | (4) siyati Trete Vèsay                                                   |

Baze repons ou pou kesyon 17 rive 18 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . Depi yon ti mòn, Mesye Tanimoto te wè yon bèl panorama. Pa sèlman yon zòn Koi, jan l te espere sa, men tout pati Hiroshima li te ka wè atravè lè ki plen nyaj ki t ap degaje yon atmosfè epè ak mòtèl [bwouya]. Touf lafimen, pwòch ak lwen, te kòmanse leve atravè pousyè jeneral la. Li te mande ki jan gwo domaj sa yo te ka soti nan yon syèl silans; menm kèk avyon, byen lwen anwo, yo te ka tande. Kay ki tou pre yo t ap boule, epi lè gwo gout dlo gwochè mab yo te kòmanse tonbe, li te panse a mwaye ke yo dwe soti nan tiyo ponpye ki t ap goumen kont dife yo. (An reyalite, yo te gout imidite kondanse ki t ap tonbe apati yon tou pousyè tè, chalè, ak fragman fisyon ki te deja monte plizyè kilomèt nan syèl la anwo Hiroshima.) . . .

Sous: John Hersey, *Hiroshima*, Alfred A. Knopf, 1946

- |                                                                              |  |                                                      |
|------------------------------------------------------------------------------|--|------------------------------------------------------|
| 17 Ki sitiasyon ki pi dirèkteman mennen nan evènman ki dekri nan pasaj sa a? |  | 18 Evènman ki dekri nan pasaj sa a te lakòz          |
| (1) Rejè Alman Trete Vèsay la                                                |  | (1) ekspansyon Dezyèm Gè Mondyal la nan Lazi         |
| (2) Agresyon Japonè nan Pasifik la                                           |  | (2) Emèjans Hiroshima kòm yon sant enpòtan pou komès |
| (3) Larisi mande pou alye yo etabli yon dezyèm fasad                         |  | (3) yon akò entènasyonal ki entèdi zam chimik yo     |
| (4) evakyasyon fòs Nasyonalis Chinwa yo nan Taiwan                           |  | (4) devlopman yon nouvo kalite kous zam              |

Baze repons ou pou kesyon 19 ak 20 sou desen ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**“AN NOU METE BAGAY SA ANBA KADNA”**



Sous: Herblock, *Washington Post*, November 1 1962 (adaptee)

19 Desen politik sa a gen plis rapò ak ki evènman mondyal nan 20yèm syèk la?

- (1) Lagè Kore a
- (2) Kriz misil kiben an
- (3) envazyon sovyetik nan Afganistan
- (4) fizyon nikleyè nan Chernobyl

20 Dapre desen politik sa a, ki deklarasyon sou zam nikleyè ki pi egzak?

- (1) Lidè peyi yo te inyore anpil zam nikleyè yo an favè zam konvansyonèl yo.
- (2) Lidè nan mond lan ankouraje itilizasyon zam nikleyè pou rezoud konfli.
- (3) Danje zam nikleyè yo te preyokipe lidè yo nan mond lan anpil.
- (4) Echèk zam nikleyè yo deseewa lidè anpil peyi.



Baze repons ou pou kesyon 21 ak 22 an sou kat ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *The Economist*, March 16th-22nd, 2019 (adapte)

- 21 Òganizasyon entènasyonal yo montre sou kat sa a te okòmansman etabli pou amelyore
- (1) kapasite defansif li yo pandan Gè Fwad la
  - (2) patisipasyon li nan avantaj ekonomik globalizasyon
  - (3) kapasite li pou kontrekare konsekans negatif polisyon ak chanjman klimatik yo
  - (4) aksè nan prè devlopman atravè Fon Monetè Entènasyonal la

- 22 Chanjman nan afilyasyon apre 2000 ka pi byen eksplike kòm yon repons ak
- (1) konstriksyon miray Bèlen an
  - (2) kreyasyon Nasyonziini
  - (3) endepandans mouvman yo an Afrik
  - (4) efondreman Inyon Sovyetik

Baze repons ou pou kesyon 23 ak 24 sou foto ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Chili, 1988



Sous: Marcelo Montecino, Watson Institute for International and Public Affairs, Brown University

\* ¿Dónde Están? = “Kote yo ye?”

23 Foto sa a montre fi k ap mande enfòmasyon sou fanmi l ki disparèt.

- (1) apre yon gwo tranblemanntè
- (2) pandan l ap goumen nan yon bagay ak vwazen Chili yo
- (3) apre yon kokennchen migrasyon
- (4) pandan yon dominasyon politik

24 Kiyès nan gwoup fi sa yo ki pran menm desizyon pou menm rezon yo?

- (1) Mothers of the Plaza de Mayo nan peyi Ajantin nan kòmansman ane 1980 yo
- (2) Moun peyi Angletè k ap defann dwa pou moun vote ki te nan manifestasyon nan kòmansman 1900 yo
- (3) Fi Sawoudit yo kondi nan vil yo nan kòmansman ane 2013
- (4) Militan yo k ap fè manifestasyon pou Bank Mondyal an 2002

Baze repons ou pou kesyon 25 rive 26 yo sou pasaj anba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

. . . An 1991, pandan ke rebèl Toutsis ki t ap atake yo t ap pran teren, diskou nan reyinyon politik Wanda yo, sitou nan rasanbleman pati Prezidan Habyarimana ak minis li yo te òganize, se prèske tout menas yo te fè kont Toutsis yo. Nan Butare, ki se syèj inivèsite nasyonal la, pwofesè yo te goumen youn ak lòt pou yo pibliye diskou istorik [avèk pasyon] ak dyatrib anti-Toutsis [konferans]. Nan estidyo difizyon estasyon radyo popilè yo, Radyo Wanda ak Radyo Mille Collines, yo te refere toutsis yo kòm "ravèt". Prezantatè yo, kote de moun ki pi koni yo ki se te Simon Bikindi ak Kantano Habimana, te itilize pyès komik ak chante pou rele ouvètmàn pou destriksyon Toutsis yo. . . .

Sous: Jean Hatzfeld, *Machete Season: The Killers in Rwanda Speak*, Farrar, Straus and Giroux, 2005

- |                                                                                |                                                                                 |
|--------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------|
| 25 Dapre pasaj sa a, yon moun ka konprann pwogram radyo popilè                 | 26 Ki sitiyasyon nan Wanda ki te mennen nan evènman yo ki dekri nan pasaj sa a? |
| (1) te bay Toutsis yo espwa pandan jenositid la                                | (1) etablisman yon sosyete san klas                                             |
| (2) te itilize pou ede mete fen nan jenositid la                               | (2) rivalite etnik favoritis kolonyal te ankouraje                              |
| (3) yo pa twò konnen l nan Wanda                                               | (3) grangou katastwòf anviwònman tal yo te lakòz                                |
| (4) te yon zouti pwopagann ki te fè yo konsidere abitan Toutsis yo kòm enferyè | (4) yon ban refijye ki antre                                                    |

Baze repons ou pou kesyon 27 ak 28 sou pasaj ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

Yon baraj idwo-elektrik kolosal ke yo te bati sou Nil apeprè 2000 milyaj sou rivyè a, nan plenn peyi Letyopi, menase plis konstriksyon rezèv dlo peyi Lejip la - e li pwograme kòmanse ranpli ete sa a.

Diskisyon ki genyen ant peyi Lejip ak peyi Letyopi sou \$4.5 milya Grand Baraj Renesans Etyopyen - pi gwo Lafrik, ak yon rezèvwa sou gwosè Lond - te vin tounen yon preyoqipasyon nasyonal nan tou de peyi yo, alimante patriyotis, laperèz pwofon e menm bougonnen sou lagè.

Pou abitan Letyopi yo, baraj la se yon senbòl cheri anbisyon yo - yon megapwojè ki gen potansyèl pou limen plizyè milyon kay, touche milya dola nan lavant elektrisite nan peyi vwazen yo ak konfime plas Etyopi a kòm yon pouvwa k ap monte an Afrik.

Aprè ane nan pwogrè difisil, ki gen ladan eskandal koripsyon ak lanmò misterye enjenyè an chèf li yo, de premye tibin yo ap enstale. Ofisyèl yo di baraj la pral kòmanse ranpli an jiyè.

Pèspektiv sa a te pwovoke laperèz nan peyi Lejip, kote yo konsidere baraj la kòm menas ki pi fondamantal yo. . . .

Sous: Walsh and Sengupta, "For Thousands of Years, Egypt Controlled the Nile. A New Dam Threatens That," *New York Times*, February 9, 2020

27 Ki youn nan enkyetid yo mansyone nan pasaj sa a?

- (1) rate resous yo
- (2) soutrete mendèv la
- (3) eksè pwodiksyon nan pwodui agrikòl yo
- (4) ogmante diferans nan revni ant moun ki touche anpil ak sa ki touche yon ti kras yo

28 Ki afimasyon pasaj sa a sipòte pi byen?

- (1) Pwojè enfrastrikti yo kreye travay esansyèl pou devlopman.
- (2) Modènizasyon an benefisye kèk men prezante defi pou lòt moun.
- (3) Mank teknoloji te anpeche devlopman nan an Afrik.
- (4) Pwodiksyon agrikòl dirab depann de kiltivasyon rekòt ki gen bi fè pwofi.

Ekri repons ou pou kesyon 29–34b nan espas ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonce pou reponn kesyon sa yo.

## Pati II

### KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT

Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak Seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

**Idantifye**—vle di bay yon non ak oswa nome.

**Eksplike**—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

---

#### Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout

- Kesyon 29 la itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 la itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 la itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)

---

#### Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout


- Kesyon 32 a itilize Dokiman 1 (Kontèks)
  - Kesyon 33 a itilize Dokiman 2 (Sous)
  - Kesyon 34a ak 34b yo itilize Dokiman 1 ak 2 (Relasyon ant dokiman yo)
-

**Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31):** Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Baze repons ou pou kesyon 29 la sou Dokiman 1 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Dokiman 1

Anpil moun te wè atak sou prizon Bastille nan Pari a kòm premye gwo evènman vyolan nan Revolisyon franse a.



Sous: Jean-Pierre Houël, *The Storming of The Bastille*, July 14, 1789, World History Encyclopedia

29 Eksplike sikonstans istorik ki te mennen nan sèn yo montre nan tablo sa a. [1]

---

---

---

Score

Baze repons ou pou kesyon 30 la sou Dokiman 2 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

## Dokiman 2

Jean-Paul Marat se te yon revolisyonè radikal ki te ekri jounal politik nan Pari depi 1789 jiskaske li mouri an jiyè 1793. "Jounal Repiblik Fransè" li te pibliye chak jou e li te youn nan plizyè santèn jounal ki te parèt pandan peryòd sa a. Atik sa a te pibliye de jou apre egzekisyon Wa Louis XVI.

### Egzekisyon Tiran an

Tèt tiran an fèk tonbe anba epe lalwa; menm kou a ranvèse fondasyon monachi nan mitan nou. Mwen finalman kwè nan repiblik la...

Rès jounen an te pafètman kalm; pou premye fwa depi federasyon an pèp la te sanble anime pa yon lajwa trankilite: yon moun t ap panse yo te jis patisipe nan yon selebrasyon relije, delivre anba pwa opresyon ki te peze sou yo depi lontan; epi, penetre pa mwayen santiman fratènite a, tout kè te lage tèt yo nan espwa pou yon avni pi nan kè kontan.

Egzekisyon Louis XVI se youn nan evènman memorab ki make yon epòk nan istwa nasyon yo. Li pral gen yon enfluyans pwodijye [gwo] sou sò despot yo nan Ewòp, ak sou pèp sa yo ki poko kase chenn yo. . . .

Egzekisyon Louis XVI la, ki pa yon bagay pou boulevèse lapè leta [Lafrans], pral sèlman sèvi pou ranfòse li, non sèlman nan kenbe ènmi entèn yo atravè laterè, men tou, lènmi ekstèn yo. Li pral bay nasyon an nouvo fòs tou pou l repouse òd fewòs kokenn patizan etranje yo [konplis] ki ta oze pote zam kont li. Paske pa gen okenn fason pou n tounen, e sa se pozisyon nou twouve nou jodi a: nou dwe genyen oswa peri, yon verite palpab [vizib] ke Cambon\* te rann nan yon imaj siblim lè li te di nan tribin nan jou anvan yè: "Nou te finalman debake sou zile libète a, epi nou te boulevèse veso ki te mennen nou la."

Sous: Jean-Paul Marat, *Journal of the French Republic*, 1793 (adapte)

\* Joseph Cambon te youn nan manm asanble lejislatif la.

30 Baze sou ekstrè sa a, eksplike pwennvi Marat konsènan enpak egzekisyon Wa Louis XVI pral genyen sou devlopman politik andeyò Lafrans. [1]

---

---

---

Score

Baze repons ou pou kesyon 31 la sou **toude** Dokiman 1 ak 2 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

**Rezon**—se yon bagay ki lakoz yon evènman rive, yon opinyon kreye, oswa reyalizasyon yon devlopman.

**Konsekans**—se sa k pase kòm rezilta (rezilta, enpak, konsekans) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

31 Idantifye **epi** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa lide yo ke yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire w ou itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** 2 nan repons ou a. [1]

---

---

---

---

---

Score



**Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32–34b):** Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Baze repons ou pou kesyon 32 la sou Dokiman 1 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

### Dokiman 1

. . . Kolonyalis te chanje sosyete afriken yo anpil. Pou egzanp, chèf kolonyal yo te chanje pakou ekonomi Afriken yo nan direksyon komès avèk Ewòp ak gwoupe sosyete divès ak ostil yo nan nouvo fwontyè kolonyal yo. Men peryòd sa a pa retire totalman sa ki vin anvan li yo. Relasyon ant Ewopeyen yo ak Afriken yo se yon bagay ki gen plizyè santèn ane. Sa ki te fè dizneyèm syèk la diferan sè ke Ewopeyen yo te vle retire souverènte Afriken yo—dwa Afriken yo pou yo dirije tèt yo. . . .

Sous: Colonization and Independence in Africa, The Choices Program, Brown University, January 2014

32 Eksplike sikonstans istorik ki te lakoz sitiyasyon ki dekri nan Dokiman 1 an. [1]

---

---

---

Score

**AL NAN PAJ KI VIN APRE A ⇨**

Baze repons ou pou kesyon 33 la sou Dokiman 2 ki pi ba a ak sou konesans ou nan syans sosyal.

## Dokiman 2

Represyon sevè aktivite politik Afriken yo te fè sous prensipal Afriken ekri yo vin ra. Chan Lafrik (Kenyan Song) te konpoze an 1957 pa aktivis politik nan Kenya (Mau Mau) ke Britanik yo te mete nan prizon epi ki bay yon pèspektiv Afriken. Josiah Mwangi Kariuki, yon kòlèg prizonnye, te pibliye chante sa a an 1963.

|                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                             |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Bondye fè pwovizyon pou moun nwa yo<br>Tè Afrik sa a<br>Louwe Bondye ki abite nan syèl yo<br>Pou benediksyon li<br><br>Refren:<br>Nou pral kontinye nan lwanj nou yo<br>Nan tè Afrik sa a<br>Soti nan lès rive nan lwès<br>Soti nan nò rive nan sid<br><br>Apre anpil soufrans<br>Peyi Ejjip<br>Te jwenn libète anba esklavaj<br>Epi te resevwa libète<br><br>Abisini [Etyopi] te wè limyè<br>Klere depi nan nò<br>Pèp li a te lite ak fòs<br>Epi te sove tèt yo anba labou | Kounye a nou rejwi byen fò<br>Pou nou tandè istwa Gana<br>Drapo Grann Bretay lan<br>Te bese pou tout tan la<br><br>Si w gade tout Kenya<br>Se sèlman yon rivyè san<br>Paske nou gen objektif inik nou<br>Pou nou kenbe libète Kenya<br><br>Koute kri byen fò yo<br>Frè nou yo nan Afrik di Sid<br>Kote yo toumante<br>Pa tribi Boer yo [ke yo konnen tou kòm<br>Afrikaner]<br><br>N ap rejwi anpil<br>Nan inite tout moun nwa yo<br>An nou kreye nan inite nou<br>Yon Eta ki ini tout Afrik la. |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

Sous: Todd Shepard, *Voices of Decolonization: A Brief History with Documents*,  
Bedford/St. Martin's Books, 2015

33 Dapre ekstrè sa a, eksplike objektif Josiah Mwangi Kariuki nan pibliye Chan Lafrik la (Mizik Kenyen). [1]

---

---

---

Score

**Moman enpòtan**—se yon gwo evènman, lide, oswa devlopman istorik ki kreye yon gwo chanjman.  
Li ka lokal, rejyonal, nasyonal, oswa mondyal.

34a–34b Itilize prèv pou Dokiman 1 **ak** Dokiman 2 a ak konesans ou nan syans sosyal:

- a) Idantifye yon moman enpòtan ki gen relasyon dirèkteman ak devlopman istorik ki nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]
- b) Eksplike fason moman enpòtan ou idantifye a te kreye yon gwo chanjman pa mwayen prèv nan Dokiman 1 **ak** 2. [1]

---

---

---

---

---

---

---

---

Score

**AL NAN PAJ KI VIN APRE A** ⇨

## Pati III

### (Kesyon 35)

#### REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste kompetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

**Enstriksyon:** Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèv ki soti nan dokiman yo pou kore repons ou avèk reyalyte, egzanp ak detay enpòtan.

**Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante rezoud ak divès degre siksè.**

#### Sa pou fè:

- Idantifye **ak** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo souleve
- Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèv ou jwenn nan dokiman yo pou agimante poukisa pwoblèm ou chwazi a enpòtan **epi** kijan li te pèsiste atravè epòk yo

#### Nan redaksyon ou an asire ou

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzakt sou **omwen twa (3)** dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèv ki soti nan **omwen twa (3)** dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
  - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
  - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

**Idantifye**—vle di bay yon non ak oswa nome.

**Eksplike**—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

**Agimante**—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèv ak rezon yo pou kore yon konklizyon.

# Dokiman 1

Emmeline Pankhurst te yon sifrajèt nan Grann Bretay an 1914.

THE DAILY MIRROR, Vandredi 22 me 1914  
The Militants' Mach nan direksyon palè Buckingham ki Ilistre Konplètman.

# The Daily Mirror

DENYE SIKILASYON SÉTIFYE PLIS PASE 940,000 KOPI PA JOU  
No. 3,300. Registered in the U.S. as a Newspaper. VANDREDI 22 ME 1914 Mwatye yon santim.

YO TE ARETE MADAM PANKHURST NAN PÒT PALÈ BUCKINGHAM PASKE L TE ESEYE PREZANTE YON PETISYON BAY WA A.



Fòse retou fanm yo nan Konstitisyon Hill      Sifrajèt yo dekonpoze apre yon batay      Enspektè an chèf la, Rolfe, arete Madam Pankhurst



Pouswiv premye fanm ki te travèse kòdon an [kloti]. Li rive sou twotwa a lè li bite epi tonbe, apres a yo te arete l.

Sous: *The Daily Mirror*, May 22, 1914 (adapte)

## Dokiman 2

Nan mwa jen 1919, Ho Chi Minh [Nguyen Ai Quoc] te fè yon petisyon pou lidè alye yo nan Konferans Lapè nan Pari a men yo te rejte petisyon li a. Li te fonde Pati Kominis la nan Vyetnam an 1930.

. . . Pandan y ap tann prensip detèminasyon pèsonèl nasyonal la pase soti nan ideyal la rive nan reyalite atravè rekonesans efikas dwa sakre tout pèp pou deside pwòp desten yo, moun ki rete nan ansyen anpi Annam [Vyetnam], jodi a ki se Endochin Franse, prezante bay gouvènman nòb yo nan antant [alyans] an jeneral ak an patikilye bay onorab gouvènman franse a reklamasyon enb sa yo: . . .

2. Refòm nan jistis Endochinwa nan akòde nan popilasyon endijèn la menm garanti jidisyè ke Ewopeyen yo genyen, ak sipresyon total tribinal espesyal yo ki se enstriman yo laterè ak opresyon kont eleman ki pi responsab nan pèp anamit la.

3. Libète laprès ak lapawòl.

4. Libète asosyasyon ak reyinyon. . . .

Nan non gwoup patriyòt Ananit [Vyetnamyen] yo. . .

Nguyen Ai Quoc [Ho Chi Minh]

Sous: Ho Chi Minh, "Demands of the Annamite People,"  
University of Massachusetts Library

### Dokiman 3

Kongrè Nasyonal Endyen an te ekri Deklarasyon Purna Swaraj (Declaration of Purna Swaraj) la epi li te deklare piblikman nan 26 janvyè 1930.

Nou kwè Endyen yo gen tout dwa yo, menm jan ak nenpòt lòt pèp, pou yo gen libète e pou yo benefisyè rezilta travay yo e pou yo gen bagay debaz nan lavi a, pou yo ka gen tout posibilite ki egziste pou yo fè pwogrès. Nou kwè tou si nenpòt gouvènman retire dwa sa yo e yo mete presyon sou yo, moun yo gen dwa pou yo chanje sa oswa elimine sa. Nonsèlman gouvènman peyi Angletè a ki nan peyi End retire libète Endyen yo men yo enstale yo nan peyi a pou yo pwofite mas popilasyon an, e yo detwi peyi End nan domèn ekonomik, politik, kiltirèl, ak espirityèl. Donk, nou kwè peyi End dwe koupe lyen yo genyen ak peyi Angletè epi rive nan *Purna Swaraj* oswa endèpandans konplè yo. . . .

Nou konsidere li kòm yon krim kont lèzòm ak Bondye pou nou soumèt ankò a yon règ ki te lakòz katastwòf pa kat sa a [gwo] nan peyi nou an. Nou rekonèt, sepandan, fason ki pi efikas pou jwenn libète nou se pa atravè vyolans. Se poutèt sa, nou pral prepare tèt nou nan retire, osi lwen ke nou kapab, tout asosyasyon volontè gouvènman peyi Angletè la epi pral prepare pou dezobeyisans sivil, ki gen ladan pa peye taks. Nou konvenki ke si nou kapab retire èd volontè nou epi sispann peman taks san nou pa fè vyolans, menm anba pwovokasyon, fen rejim iniman sa a ap asire. Kidonk, nou deside yon fason solanèl pou nou egzekite enstriksyon Kongrè ki te pibliye tanzantan nan objektif pou etabli *Purna Swaraj*.

Sous: *Declaration of Purna Swaraj*, 1930

## Dokiman 4

Aprè yo fin jwenn libète anba dominasyon saris yo an 1918, Estoni te twouve l nan mitan konfli Dezyèm Gè Mondyal la ant Almay ak Inyon Sovyetik. Konfli sa a te fini ak Inyon Sovyetik yon lòt fwa ankò k ap enkòpore ak Estoni.

### Anbrase Revolisyon Chantan nan Estoni

Chante te depi lontan yon fòm ekspresyon Estonyen apresye, yon fason pou kenbe karaktè nasyonal yo, espesyalman fas a dominasyon etranje. Depi 1869 (pandan yon lòt epòk soumisyon [kontwòl] Larisi), Estonyen yo te rasanble nan koral masiv pou chante ak selebre patikilarite kiltirèl yo. Aprè sa, pandan epòk Sovyetik la, Gustav Ernesaks, yon chèf koral brav, te gen kouraj an 1947 pou dirije chantè yo nan im nasyonal ki pa ofisyèl nan Estoni. Paske li te plante grenn revolisyon chan alavni an, Ernesaks toujou venere.

Finalman, Alòske URSS te kòmanse konfizyon, Estonyen yo mobilize ankò, sèvi ak chan pou mande endepandans. An 1988, yo te rasanble — 300,000 moun vanyan, yon tyè popilasyon an— sou teren festival chanson, pa deyò Tallinn. Moun nan lokalite yo sonje byen klè yo te soti pou yo chante chan patriyotik pandan y ap abiye ak kostim popilè ke grann yo te koud plizyè ane anvan. Ane k ap vini an, pèp Letoni, Lityani ak Estoni te kenbe men yo pou fè "Chèn Baltik," yon lyen imen ki etann li sou 400 milyaj soti Vilnis, Lityani, pase Riga, Letoni, rive Tallinn. Gen kèk moun ki te pè yon beny san nan plas Tiananmen, men Estonyen yo te jis kontinye chante.

Swadizan Revolisyon Chantan sa a, pasifik ak san vyolans, te pèsiste pandan senk ane, epi an final, Estonyen yo te jwenn libète yo. Se te yon siksè remakab: yon milyon Estonyen chantè te reyisi kont 150 milyon okipan ris. . . .

Sous: Rick Steves, "Embracing Estonia's Singing Revolution,"  
*Seattle Times*, January 30, 2018



## Dokiman 5

Hu Yaobang te sèvi kòm yon ofisyèl nan Lachin anba Deng Xiaoping ak Premye Minis Li Peng.

### **Elèv Chinwa yo Kòmanse Manifestasyon yo nan Tiananmen Square, 1989**

Sis jou apre lanmò Hu Yaobang, lidè refòm pati kominis Chinwa jete a, anviwon 100,000 etidyan te rasanble sou Tiananmen Square nan Beijing pou komemore Hu epi fè tande mekontantman yo bay gouvènman kominis otoritè Lachin nan. Nan demen, yon sèvis memoryal ofisyèl pou Hu Yaobang te fèt nan Gran Sal Pèp la nan Tiananmen, epi reprezantan etidyan yo te pote yon petisyon sou mach Gran Sal la, pou mande pou rankontre ak Premye Minis Li Peng. Gouvènman Chinwa a te refize yon reyinyon konsa, sa ki te lakòz yon bòykòt jeneral nan inivèsite Chinwa yo atravè peyi a ak apèl toupatou pou refòm demokratik.

Yo inyore avètisman gouvènman an sou represyon vyolan nenpòt manifestasyon an mas, etidyan ki soti nan plis pase 40 inivèsite te kòmanse yon mach nan Tiananmen nan dat 27 avril. Travayè, entelektyèl, ak fonksyonè piblik yo te mete ansanm ak etidyan yo, e nan mitan mwa me plis pase yon milyon moun te ranpli plas la, sit lidè kominis Mao Zedong te pwoklame Repiblik Popilè Lachin nan lane 1949. Nan dat 20 me, gouvènman an te deklare fòmèlman lwa masyal nan Beijing, e yo te rele twoup yo ak tank yo pou dispèse moun k ap pwoteste yo. Sepandan, yon gwo kantite etidyan ak sitwayen te bloke avansman lame a epi dis 23 me fòs gouvènman an te repliye yo ozalantou Beijing. . . .

Sous: "Chinese Students Begin Protests at Tiananmen Square," *History*

**Se nou k deside kite paj sa a vid.**

## PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

### Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon an pou planifye repons ou si ou swete sa, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen an se: \_\_\_\_\_

| Egzijans Redaksyon yo                                                                                                        | Wi | Ansèkle dokiman ki aplike yo | Yonn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----|------------------------------|-------------------------------------------------------|
| Èske gen <i>omwen twa (3)</i> dokiman ki kore pwoblèm sa a?<br><br>Ki dokiman yo ki kore pwoblèm sa a?                       |    | 1   2   3   4   5            |                                                       |
| Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope eksplikasyon pou pwoblèm sa a?                                                       |    | 1   2   3   4   5            |                                                       |
| Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li?<br><br>Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa? |    | 1   2   3   4   5            |                                                       |
| Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan?<br><br>Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?                    |    | 1   2   3   4   5            |                                                       |

Retounen nan paj 20 an pou w regade egzèsis sa a.

Ekri redaksyon w lan sou paj ki trase yo nan feyè redaksyon an.

